Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 48 (6787) 20 декабрь 2021 с. Итни Жумадул авал 1443 с. Багьа - эркенаб

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ**

## 14 сон барал бакълъулазе – паспортал

### Конституциялъул къо кIодо гьабуна

**Бакълъул районалъул администрациялъул активияб залалда Россиялъул Конституциялъул къо кIодо гьабураб хIурматияб тадбир тIобитIана. Гьеб рагьана Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Гъалип Гъалиповас.**



«ХIурматиял бакълъулал! Баркула нужеда Россиялъул Конституциялъул къо! Гьеб буго нилъер улкаялъул аслияб байрам! Россиялъул тарихалъул тIанчал бечедал руго кIвар бугел лъугьа-бахъиназдалъун. Нилъер пачалихъалъ тIолго дуниял хвасар гьабуна фашистазул чIегIераб питнаялдаса. Жакъа къоялъги Россиялъ хIаракат бахъула дуниялалда рекъел цIунизе»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас

Тадбиралда гьединго гIахьаллъана районалъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликов, Гумбет районалъул прокурорасул заместитель МухIамад МухIамадов, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидов, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул вакилзаби ва цогидал. АнцIила ункъго сон барал бакълъулазе паспорталги къуна дандеруссиналда.

**«Гумбет» РИО**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ**

## Гъалип Гъалипов – Дагъистаналъул транспорталъул ва нухлул идарабазда

### СанагIатал нухал –лъикIаб гIумру

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов ДРялъул транпорталъул ва нухлул магIишаталъул министерствоялде ва «Дагъистанавтодор» ГКУялде щвана. Республикаялъулал транспорталъул идарабазда гьес муниципалитеталъул нухал къачIаялъул суалал рорхана.**



Дагъистаналъул Минтрансалъул мухъалдалъун Гумбеталда республикаялъулаб даражаялъул МелъелтIа-Гъагъалъ нухаб хъил тIуна, гьединго МелъелтIа-Щабдухъ трассаялъул 2 км хъил тIун, къачIана, Сагъри-ЦIияб Аргъвани нухаб капиталияб ремонтги гьабулеб буго.

Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас цере рехсарал идарабазул нухмалъулезулгун бицана ЛъаратIа росулъехун унеб нухаб хъил тIеялъул, Гъоркь Инхо-Килалъ нухалъул, Хасавюрт –Кьохъ нухасан унезе санагIатал нухлул шартIал, хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул.

Гъалиповас баркала загьир гьабуна транспорталъул ва нухлул магIишаталъул министрасул ишал тIуралев Ширухан ХIажимурадовасе районалде бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ. «Сахал нухал – гьеб буго инсанасул гIумру хвасар гьаби, социалиябгун экономическияб рахъалъ район цебетIей. Киналго бакълъулазул рахъалдасан баркала загьир гьабула Дагъистаналъул транспорталъул ва нухлул магIишаталъул министрасул ишал тIуразарулев Ширухан ГIумаханович ХIажимурадовасе муниципалитеталда кIвар цIикIкIарал проектал нухдаинаризе кумек гьабуралъухъ»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Гьединго районалъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна «Дагъистанавтодор» ГКУялъул нухмалъулесул ишал тIуралев ХанмухIамад Рагьимовасе.

Бакълъул районалда гьединго къачIана Гъоркь Инхо-Гьарадирихъ, Игьали-ЦIаналъ нухлул мухъалги, Сагъри-ЦIияб Аргъвани нухаб хъил тIезе буго, ЛъаратIа-Ингишо нух къачIазе проектги хIадурулеб буго. ДРялъул транспорталъул ва нухлул магIишаталъул министерствоялъ жигараб гIахьаллъи гьабула «Дир Дагъистан-дир нухал» абураб республикаялъулаб проект нухдаинабиялъулъги.

**«Гумбет» РИО**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ**

## Буголъиялъул, нухлул налогал росабалъе тIадруссуна

### Социалияб къотIиялъулги бицана

**2021-абилеб соналъул 13-абилеб декабралда Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас налогал ракIариялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва бакIалъул идарабазул вакилзаби.**

Тадбиралъул гIахьалчагIазул рагIабазда рекъон, налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъани, тIолго район цебетIезе рес щола. Нухлул, буголъиялъул налогал росабалъе тIадруссуна, гьединлъидал Маликовас хитIаб гьабуна налогал гIужда кьеян. Дандеруссиналъул гIахьалчагIаз жидер жавабчилъиялда бугеб идараялъ гьабураб хIалтIулги бицана.

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**УхIумагIали МухIамадбегов ракIалдещвеялъул гIелмияб конференция**

- 2 гьум.



**Гъалип Гъалиповас гIадамал къабул гьаруна**

- 2 гьум.



**Бакълъулай – Бишкекалда**

- 3 гьум.




ПОДПИСКА

**«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих**

- 4 гьум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.**

Инхоса ПIали-хIажи

№ 48 20 декабрь 2021 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъалип Гъалиповас гIадамал къабул гьаруна

### ГIарзабазул халгьабуна

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас гIадамал тIаде къабул гьаруна. Бакълъулаз рорхана росдал магIишаталда, лъайкьеялда, сахлъи цIуниялда ва цогидал кIвар бугел рахъазда хурхарал суалал.**



Гъалипов гIенеккана муниципалитеталъул гIадамазул гIарзахъ, суалахъ ва абуна гьел киналго суалал тIуразе бажараб гьабилин.

«Гумбет районалъул администрация хIалтIулеб буго гIагараб рахь цебетIезелъун, бакълъулазул тIалабал гIужда ва лъикI тIуразелъун. Нилъеца жигараб гIахьаллъи гьабула Россиялъул миллияр проекталъ, республикаялъулал ва федералиял программабалъ. ХIаракат бахъизе буго 2022-абилеб сон лъикIал хIасилаздалъун бечедаб букIиналъе. Разе ракIалда руго цIиял цIалул идараби ва цогидал бакIал»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

«Сельсовет “Игалинский”» поселениялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Сулейман Сулеймановас Бакълъул районалъул нухмалъулесда гьарана лъалъадизе хIалтIизабулеб ва гьекъолеб лъималда хурхарал суал тIуразе кумек гьабеян. Гъалиповас баян гьабуна гьеб суал жиндирго хъаравуллъиялда букIиналъул. Гьединго Игьали росулъ цIияб школа базе бакI бихьизабун буго. Муниципалитеталъул нухмалъулесул рагIабазда рекъон, гIагараб рахь цебетIезе ва бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе районалъул нухмалъулез бажараб гьабизе буго.

**«Гумбет» РИО**

# Буголъиялъул, нухлул налогал росабалъе тIадруссуна

**(Байбихьи тIоцебесеб гьум.)**

Гумбет районалъул ЦРБялъул бетIерав тохтур Муртуз Нажмудиновас баян гьабуна сахлъи цIуниялъул идараялда бугеб ахIвал-хIалалъул. 3 муниципалитеталда гьоркьоб буго Бакълъул район.

ГIадамазе социалияб рахъалъан хъулухъ гьабиялъул идараялъул нухмалъулев МухIамадрасул Эсенбулато-



«Микьазаргоялдаса цIикIкIун бакълъулас гIахьаллъи гьабуна коронавирусияб унтуда данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъулъ. Ковидалъ унтаразул къадар районалда дагьлъун буго. Гьарула ракьцоязда гьеб унти бахинчIого букIиналъе чIезарурал тIалабал цIунеян ва вакцинация гьабиялъулъ жигарго гIахьаллъеян»,- абуна Муртуз Нажмудиновас. Дагъистаналда вакцинация гьабиялъул план тIубазабурал

вас бицана 57 бакълъуласулгун социалияб контракт хьван букIиналъул. Гьеб программаялда рекъон рес щвана районалъул рес гьечIел гIадамазул гIумрудул шартIал лъикI гьариялъе. Данделъиялъул ахиралда Малик Маликовас лъазабуна церелъурал масъалаби гIужда ва лъикI тIуразе жигарго хIалтIеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ..

# УхIумагIали МухIамадбегов ракIалдещвеялъул гIелмияб конференция

**Даггосуниверситеталда ТIолгороссиялъулаб «Химикияб гIелмуялъул ва лъайкьеялъул аслиял масъалаби» абураб гIелмияб конференция тIобитIана ДГУялъул 90 сон ва профессор, РАЕНалъул гIахьалчи УхIумагIали МухIамадбеговасул 75 сон тIубаялъул хIурматалда.**

Тадбир рагьулаго, ДГУялъул ректор МуртазагIали Рабадановас жиндирго гьу-



дул, профессор УхIумагIали МухIамадбеговасул бицана. «Конференция тIобитIулеб буго нижер университеталъ 90 сон баялда хурхун ва 1994-абилеб соналдаса чIагояб гуреб химиялъул кафедралъул нухмалъулевлъун вукIарав УхIумагIали МухIамадбеговас 75 сон баялъул хIурматалда. Гьев вукIана лъайкьеялъе ва гIелмуялъе мутIигIав инсан. Унтуца нилъедаса ватIа гьавуна гьунар тIокIав гIалимчи, ракI-ракIалъулаб зигара бала гьесул гIага-божаразда»,- ян абуна МуртазагIали Рабадановас.

«Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъа химикиял гIелмабазул доктор, профессор УхIумагIали МухIамадбеговас кьиматаб бутIа лъуна Дагъистаналда мухIканал гIелмаби церетIеялъе. МухIамадбегов гIемерал сонал хIалтIана гIаммаб ва чIагояб гуреб химиялъул кафедралъул нухмалъулевлъун, проректорлъун, ДГУялъул ректорасул гIакълучилъун. Гьев вукIана унго-унгояб гIакълъуялъул чи, киназго рикIкIунев гIалимчи, Дагъистаналъул гIелмабазул кьимат тIокIав хIаракатчи»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Бакълъулазул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас ракIалде щвезаруна УхIумагIали МухIамадбеговасул гIумрудул аслиял рахъал.

«МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школа меседил медалалдаги лъугIизабун, 1964-абилеб соналъ гьев цIализе ана М.В. Ломоносовасул цIаралда бугеб МГУялъул химикияб факультеталде, гьеб лъугIизабуна 1969-абилеб соналъ. 1969-1972-абилел соназ МГУялда «Физическая химия» абураб махщелалъул аспирантура лъугIизабуна. Хадуб МухIамадбеговас жиндирго гIумру хурхинабуна МугIрузул началихъалъул гIадатияб вузалъулгун.

Профессорасул 75 сон тIубаялде ДГУялда



тIобитIана кIудияб тадбир. МухIамадбеговасул букIараб библиотекаги цIунун буго гьеб вузалда. Гьесул цIар кьун буго «Нелинейная химия» абураб гIелмиябгун цIех-рехалъулаб лабораториялъе. УхIумагIали ХIажиевич вукIана дир гьудул. Нилъер цIар рагIарав ракьцоясул гIелмиял хIалтIабаз кверпакъана мухIканал гIелмаби Дагъистаналда церетIеялъе»,- ян баян гьабуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

АЛЖАН-ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIАТIАКЬ

# «Киб кьвагьаниги, гулла эбелалъул рекIелъ щола»

### Бакълъулазул руччабазе – шапакъатал

**Дагъистаналъул тахшагьаралда ТIолгороссиялъулаб Регионалияб жамгIиябгун началихъияб Дагъистаналда бугеб «Россиялъул руччабазул гIуцIи» идараялъ фашизмалда дандечIеялъул советиял руччабазул комитет гIуцIаралдаса 80 сон иналъул хIурматалда данделъи гIуцIана.**

Тадбир тIобитIана «Киб кьвагьаниги, гулла эбелалъул рекIелъ щола» абураб ахIиялда гьоркь. Заседаниялда гIахьаллъи гьабуна районаздаса, шагьараздаса батIи-батIияб хъулухъазда ругел руччабаз. Гьезда гьоркьор рукIана Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабиги. Гьеб данделъиялда руччабазда гьоркьоб гьабураб жигараб хIалтIухъ Гризадубовалъул цIаралда, Россиялъул руччабазул гIуцIиялъул рахъалдасан ракIалдещвеялъул медалал ва цогидал сайгъатал кьуна.

Дагъистаналъул ЖамгIияб палатаялъул баркалаялъулал кагътал кьуна: ПатIимат ГIумарахъаевалъе, ГIазра РурухIмаевалъе, Салимат ХIамидовалъе. Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъе ЖамгIияб палатаялъул 7-абилеб ахIиялъул хъвайхъвагIай гьабураб сагIат кьуна.

Россиялъул руччабазул гIуцIиялъул ракIалдещвеялъул медаль кьуна Гумбет районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъе. Районалъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабаз баркала загьир гьабулеб буго Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъе, гьелъул кумекчагIазе берцинаб ва пайдаяб тадбир гIуцIаралъухъ. Гумбеталда руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб идараялъул вакилзабазда баркула шапакъатал щвей, гьарула щулияб сахлъи, хIалтIулъ лъикIал хIасилал ва кинабго лъикIабщинаб.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Районалъул нухмалъулез хъутабазде сапар бухьана

### Росдал магIишаталъул аслиял суалазул халгьабуна

**Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ хIалтIулаб сапар бухьана хъутабазде, рекъарухъанлъиялъул ва гIияхъанлъиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана, СПКязул, фермабазул нухмалъулелгун дандчIвана. Гьеб сапаралда гьесда цадахъ рукIана районалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, ветеринариябгун управлениялъул вакилзаби ва цогидал.**

Первомайск росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда гIуцIана данделъи, гьениб 2021-абилеб соналъул хIасилал гьаруна ва 2022-абилеб соналде план бахьана.

Гьединал АПКялъул рахъалъ муниципалитеталъул тIалъиялъул вакилзаби гIахьаллъараб хIасилазулаб данделъи цебе районалда тIобитIун букIинчIо.

(Ахир-лъабабилеб гьум.)

## Районалъул нухмалъулез хъутабазде сапар бухьана

(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)

Районалъул рекъарухъабаз ва гIияхъабаз Гъалип Гъалиповасе рицана хIалтIулъ дандчIвалел аслияб кваквалазул, церечIарал масъалабазул ва цогидал кIвар бугел суалазул.

Гъалиповас баян гьабуна росдал магIишат цебетIеялъул суалал жиндирго хъаравуллъиялда рукIиналъул. Дандеруссиналда гьединго гIахьаллъи гьабуна «Интеграл», «Чед» КФХязул вакилзабаз. 2021-абилеб соналъ Бакълъул районалда тIобитIана ДАССР гIуцIаралдаса нусго сон иналъул хIурматалда «Бакълъулазул нигIматал» абураб Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базар ва Республикаялъулаб росдал магIишаталъул «Бакълъулазул тIагIамал» абураб фестивальги.



**«Гумбет» РИО**

БАРКИЯЛ

## Пенсиялъул фондалъул хIалтIухъабазда баркула

**РакI-ракIалъ баркула Пенсиялъул фондалъул отделалда хIалтIулезда тIаде щолеб бугеб профессионалияб байрам – Россиялда пенсионнияб фонд гIуцIараб къо.**

Гьез жидерго байрамалда дандчIвай гьабулеб буго хIалтIулъ лъикIал хIасилалги росулаго. РакIчIараб буго хадубккунги гьез гIадамазул мурадал тIураялъул жавабчилъи цIикIкIараб жидерго хIалтIулъ бергьенлъаби росизе рукIиналда. Гьарула нужее щулияб сахлъи, икъбал, талихI, гьабулеб ишалъулъ битIккей.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов**

## Баркула махщалилаб байрам, энергетикал

Гумбет районалда бугеб электромухъазул гIуцIиялъул коллективалда ракI-ракIалъ баркула гьезул профессионалияб байрам – энергетиказул къо! Гьарула нужер щивасе щулияб сахлъи, хIалхьи лъалареб хIалтIулъ бергьенлъаби ва парахатаб, талихIаб гIумру. Тавпикъ кьеги нужее, хIурматиял энергетикал, рукъзабахъ гванзараб канлъиги хинлъиги букIине гьоркьоса къотIичIого ток букIинабиялъе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Бакълъулай – Бишкекалда

### ПатIимат Бекмирзаевалъул иргадулаб бергьенлъи

**Киргизиялъул тахшагьар Бишкекалда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб КРСУ-ялъул медфакультеталъул декан, лъайкьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан, профессор Анэс Зарифьянил 75 сон тIубаялъул хIурматалда гIелмияб конференция.**

КIудияб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна регионалиял лъайкьеялъулгун гIелмиял идарабаз, медицинаялъул вузазул вакилзабаз ва цогидаз. Гьезда гьоркьой йикIана Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа ПатIимат Бекмирзаеваги. Гьей кола ДГМУялъул 6-абилеб курсалъул студентка. ГIелмияб тадбиралда Бекмирзаевалъ бихьизабуна гIаммаб хирургиялъул кафедралъул ассистент Роза Султановалъул нухмалъиялда гьабураб гIелмияб хIалтIи.




ПатIимат Бекмирзаевалъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна ва щвана 2-абилеб даражаялъул Диплом. Гьеб тIоцебесеб шапакъат гуро ПатIиматие щвараб. Жеги школалъул бакIидасаго бихьизабуна гьелъ цIалуде бугеб гьира, бергьана гIемерал батIи-батIиял конкурсазда. Баркула ПатIимат Бекмирзаевалда иргадулаб бергьенлъи щвей, гьарула щулияб сахлъи ва сундулъго битIккей.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

## ЛъикIаб бербалагьиялъухъ баркала

**Бакълъул районалъул поликлиникаялъул нухмалъулей Зайнаб Насрулаевалъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго, «Гумбет» газета гьоркьоб ккун. Гьелъул хIеренаб каламалъ ва гьабураб тIалаб – агьазалъ дир божилъи цIикIкIинабуна, захIматго унтун йигониги, хехго сахлъизе йикIиналда.**



Дуеги цогидал унтаразеги бажарараб гьабизе дун кидаго хIадурай йигин гьелъ абурал рагIабаз дун цIакъ хIайран гьаюна. Зайнаб Насрулаевалъе, гьелъ нухмалъи гьабулеб районалъул поликлиникаялъе гьарула цебетIей, гьединал унтаразул тIалабги гьабулел махщелги цIикIкIарал тохтурзабаздалъун, медсестрабаздалъун бечелъаги нилъер ракь.

Щулияб сахлъи, махщалилаб цебетIей, сундулъго икъбал гьарула районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазе.

**Данухъ росулъа Асбарат**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ХIалтIизабураб газалъухъ гIарац гIужда кье

**Ассаламу гIалайкум хIурматияв бакълъулал! Гьале росулъе тIабигIияб газ биччаралдаса ана лъагIел. Кинабниги росулъ лъабнусгогIан рокъоб газалъул лицевоял счеталги рагьун руго, газ киназего биччан гьечIо. Гьеб цIатари хIалтIизабулел гIадамаз щибаб моцIалъ гIарац кьезе ккола.**

Цо моцI гIарац кьечIого хутIани, нужер лицевой счеталда, гьоркьохъеб хIисаб –суал гьабун, тIаде гIарац бачIуна. ТIабигIияб газ хIалтIизабулел гIадамазул рокъоб контролерас лъагIалида жаниб кIиго нухалъ халгьабизе ккола ва счетчикалъул суратги бахъула, гьеб сураталда рекъон хъвазе ккола рукъалъул актинвентаризация. Гьеб контролерас хъвараб актги ва бахъараб счетчикалъул суратги нужер лицевой счеталъул компьютералъул базаялда букIуна.

Щибав газ хIалтIизабулев чияс жиндирго счетчикалъул рукIел гьабизе ккола ва газил хIалтIухъабаз гьелъул халги гьабизе ккола. Счетчик ва гьелда нижер хIалтIухъанас лъураб пломба цIунизе ккола. Нагагьлъун счетчик хIалтIула



гьечIони, хъвай-хъвагIай гьабун, газалъул хIалтIухъабазда лъазабизе ккола. Хвараб счетчик ва цогидал тIагIелал нужецаго росизе ккола.

БухIараб газалъухъ тIубанго гIарац кьун гьечIони, гьелда тIад гIакIа жубала. ХIалтIизабураб газалъухъ гIарац кьолеб бакI почалъул касса. ГIарац кьезе кIола гьечIеб лицевоял счетазул цIидасанги суратги бахъун, кинаго документазул халги гьабун, компьютералда жаниве росулел руго хадубккун квалквалал рукIинаредухъ.

ГIарац кьезе кIола бугел гIадамазде гьари буго гьаб лъагIел лъугIинелде жидерго тIубан хIисаб гьабун, гIарац кьеян. ГIарац кьезе кIола гьечIел гIадамазда (лицевой счеталдасан) гIакIа жубазе гьечIо, щайгурелъул гьеб нужер гIайиб гуро. Гьединго гьари буго лъагIалил ахиралда, счетчикалъул сурат бахъун, нижер хIалтIухъанасухъе рехеян, гьедин гьабичIони, нужеда тIад гIарац хутIизе рес буго.

Контролерасул номерал: 8 -967- 404 -35 -31, 8- 967 -391-05 -04. ЦIарги гьеда Шамил буго, суалал ругони, кIалъазе бегьула гьесухъе, нилъер росу тIадкъарав хIалтIухъан вуго гьев.

**Больихь, ЦIумада, Гумбет районазул «Нагорный» АПялъул нухмалъулев Гъайирбег АхIмадов**

## Дун гIадин, Аллагьги разилъаги

**2021-абилеб соналъул ноябрь моцIалда дир вас АхIмад ГIалидибировасе захIматаб операция гьабизе ккана Бакълъул районалъул Централияб больницаялда. Гьеб сахлъи цIуниялъул идараялда захIмат бокьулел, жидеда тIадаб иш мухIканго лъалел хIалтIухъаби рукIиналъ дир вас хехго сахлъана.**

Дун цIакъ йохарай йиго гьединаб больница ва махщел цIикIкIарал тохтурзаби, медсестраби нилъер рукIиналдаса. Дица ва тIолго гIагарлъиялъ, «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула: Жамалудинов ГIабдулбасирие, ГIабдулкаримова Сиядатие, МухIамадова Хадижатие, ХIасанова Заирае, МухIамадова ПатIиматие, Халидова ПатIиматие. ЦIарал рехсечIого хутIаразда гьарула тIасалъугьаян.

Гьарула нужее щулияб иман ва сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру, тIураги рекIел мурадал. Аллагьас тIолго район цIунаги унта-щокъльиялдаса. Амин.

**Равзанат Инарукъаева, ЦIилик росу**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

## Обязательную вакцинацию от COVID-19 для пожилых ввели в 14 регионах

**Чтобы уберечь старшее поколение от заражения ковидом, в 14 регионах России ввели обязательную вакцинацию от COVID-19 для пожилых.**

Об этом сообщает РИА «Новости». Директор Центра Гамалеи Александр Гинцбург тоже за то, чтобы сделать вакцинации от COVID-19 обязательной.

По его словам, чтобы победить ковид, от этой инфекции нужно привить 70-75% россиян.

**РИО «Гумбет»**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Халкъалъе гIоло гIумру кьурал

### ВатIан цIунарал ракIалде щвезаруна

**Бакълъул районалъул росабалъ кIодо гьабуна ВатIаналъул БахIарзазул къо. ЦIияб Аргъвани росдал БагIараб цIваялъул орденалъул ковалер, рагъухъан –интернационалист МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда БахIарзазул къоялда хурхарал тадбирал тIоритIана. Гьедин, 5-абилеб «а» классалъул нухмалъулей Мадина МухIамадовалъ ва 8-абилеб классалъул нухмалъулей Хадижат Къурбановалъ классалъулаб сагIат гIуцIана.**

Гьеб къоги кIодо гьабун, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалда ТIолгороссиялъул рагьарал дарсал тIоритIана. МугIалимаз лъималазе баян гьабуна ВатIан цIунулаго рухI къуразул, къо хIехьеялъул мисал бихьизабурал ракьцоязул. Гьединго ЦIилиль росдал цIалдохъабазеги гIуцIана рагьарал дарсал. Цогидал Бакълъул районалъул росабалъги кIодо гьаруна ВатIаналъул БахIарзал.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР

## АТКялъул данделъи тIобитIана



**Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГIалип ГIалиповасул бетIерлъиялда тIобитIана терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде данде къеркьеялъе районалда гIуцIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи.**

Гьенир гIахьаллъана: Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГIали ХIажиев, муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликов, Бакълъул районалъул прокурорасул заместитель МухIамад МухIамадов, районалъул имам Шамил ХIажиев, АТКялъул специалистал ва цогидал.

Бакълъулазул ракьалда ЦIияб соналъул байрамалда хурхарал тадбирал тIоритIулаго, жамгIияб низам ва хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул суалал рорхана дандеруссинада. Гьединго АТКялъул 2022-абилеб соналде планги бахъана. Районалъул АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидовас баян гьабуна 2021-абилеб соналъ террористазул мухъилъе гIолилал ккечIого рукIиналъе муниципалитеталда гьарурал хIалтIабазул.

Данделъиялъул ахиралда халгъабурал суалазда тIасан данде кколел хIукмабиги рахъана ва тIадкъаялги къуна.

**Макка МухIамадова.**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05 #

## В стране вводится план дополнительных мероприятий по борьбе с коронавирусом

**Глава Роспотребнадзора Татьяна Голикова сообщила о том, что план предусматривает создание условий для снижения распространения коронавирусной инфекции.**

Об этом сообщает сетевое издание «Мирмол». По сообщению источника, граждане, прибывающие из эпидемиологически неблагополучных стран, изолируются на 14 дней, а также проходят двукратное тестирование. С 2022 г. будут продолжены выплаты врачам и медицинским работникам, задействованным в борьбе с коронавирусом. Отметим, что в Гумбетовском районе вакцинация проходит усиленными темпами.

Так, муниципалитет попал в тройку лидеров по выполнению плана вакцинации в республике.

**РИО «Гумбет»**

## «Гумбет» басма –бакълъулазул тарих

### Подписка 2022

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай.**

**Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги редакциялдасанги. Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2022-абилеб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**

**ТIоцебесеб бащдаб лъагIалие багьа: почалдасан - 305 гъуруц.**




**Редакциялдасан – 150 гъуруц.**
**ЛъагIалие -250 гъуруц.**

**«Гумбет» РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

## Дагестанские теннисисты-колясочники стали победителями кубка России

**Сборная Дагестана по настольному теннису среди лиц ПОДА стала победителем кубка России в Санкт-Петербурге.**

И Надир Азикаабакаров. Как отмечается, в личном зачете на турнире Расул Назиров завоевал 6 золотую медаль в карьере. Назиров является одним




Об этом сообщает сетевое издание «Мирмол» со ссылкой на пресс-службу Минспорта РД.

По сообщению источника, в командном зачете сборную региона представляли: Расул Назиров, Магомед Абдулхаликов

из титулованных игроков РФ среди спортсменов-колясочников, в этом году также сыграл на Паралимпиаде в Токио, где сумел войти в число 8 лучших игроков.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане обсудили вопросы развития рыбной отрасли

**Накануне врио заместителя Председателя Правительства РД Абдулмуслим Абдулмуслимов провел круглый стол, в рамках которого рассмотрели вопросы развития рыбной отрасли региона.**



Об этом сообщает сетевое издание "Дагестанская правда". Мероприятие прошло с участием представителей Комитета по рыбному хозяйству РД, Росрыболовства, природоохранной прокуратуры, ученых, руководителей предприятий рыбохозяйственного комплекса региона и др. По информации источника, были обсуждены темы, связанные с сохранением и рациональным использованием водных биологических ресурсов Каспийского моря и внутренних водоемов Дагестана, а также другие насущные вопросы.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекьон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.